



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMAN KI EGZIJE KONPAYI ASIRANS
NEW YORK YO POU ANILE PATAJ DEPANS POU TÈS KOWONA VIRIS YO**

***Atkyèlman yo ap kouvri totalman tout tès COVID-19 yo reyalize nan laboratwa
Wadsworth Eta a***

***Yo pa prevwa ke Nouyòkè ki ap resevwa kouvèti Medicaid yo ap peye yon
kopeman pou kèlkeswa tès ki an rapò ak COVID-19***

***Li dekri yon seri lòt mezi ke konpayi asirans yo ta dwe pran, gen ladan kenbe
Nouyòkè yo enfòme sou avantaj ki disponib yo ak ofri konsèy medikal ak tretman
a distans***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo règleman Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta a ki egzije konpayi asirans New York yo anile pataj depans ki asosye ak tès pou nouvo kowona viris la gen ladan sal ijans, swen ijan ak vizit doktè yo. Gouvènè a te anonse ke yo pa prevwa ke Nouyòkè ki ap resevwa kouvèti Medicaid yo ap peye yon kopeman pou nenpòt tès ki an rapò ak COVID-19. Mezi sa yo pral ede asire ke depans yo pa sèvi kòm baryè pou aksede ak tès COVID-19 la pou kèlkeswa Nouyòkè a. Atkyèlman yo kouvri totalman tès COVID-19 yo ap reyalize nan laboratwa Wadsworth Eta a

Anplis, Eta a dekri yon seri lòt aksyon ke yo egzije oswa konseye konpayi asirans New York yo pran, gen ladan kenbe Nouyòkè yo enfòme konsènan avantaj ki disponib yo; ofri, kote sa posib, konsèy medikal ak tretman a distans; epi prepare konpayi asirans yo pou kouvri depans yo si yon iminizasyon pou COVID-19 la ta vini disponib.

"Nou gen pi bon sistèm swen sante nan monn lan, epi nou ap tire pati de sistèm sa a gen ladan laboratwa pou tès Wadsworth modèn nou an pou ede frennen kèlkeswa pwopagasyon potansyèl nouvo kowona viris la nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Frennen viris sa a depann de nou pou genyen done yo sou ki moun ki genyen li - epi mezi sa yo pral ranvèse kèlkeswa baryè a ki ta kapab anpeche Nouyòkè yo fè teste yo."

Dekwa pou asire ke pataj depans pa yon baryè pou teste COVID-19 la, DFS la pral pibliye yon règleman ijans ki:

1. Anpeche tout konpayi asirans sante enpoze pataj depans sou vizit kay doktè nan founisè ki an rezo yo oswa sant swen ijans yo lè objektif vizit sa a se pou fè tès pou COVID-19.
2. Anpeche tout konpayi asirans sante enpoze pataj depans sou yon vizit nan sal ijans lè objektif vizit sa a se pou fè tès pou COVID-19.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a pral asire ke Nouyòkè yo ki ap resevwa kouvèti Medicaid genyen depans yo a ki kouvri. Nouyòkè yo ki enskri nan plan asirans sante ki baze sou anplwayè ki finanse tèt yo ki pa regile anba Eta New York akòz Lwa 1974 sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye (Employee Retirement Income Security Act, ERISA) a ta dwe kontakte anplwayè yo a pou yo konprann totalman nivo kouvèti a.

Anplis de kouvri depans pou tès yo, gid la DFS pibliye bay konpayi asirans yo konsènan mezi yo ta dwe pran an rapò ak enpak potansyèl COVID-19 la sou New York gen ladan:

- **Kenbe konsomatè yo enfòmè:** DFS la ap bay konpayi asirans yo enstriksyon pou yo mete resous pou enfòmè konsomatè yo sou avantaj ki disponib yo, reponn rapidman kesyon konsomatè yo, ak konsidere revizyon ki nesèsè pou kanalize repons ak avantaj yo pou konsomatè yo.
- **Bay konsèy medikal ak tretman a distans:** DFS la ap bay konpayi asirans yo enstriksyon pou yo devlope pwogram sante a distans avèk founisè ki ap patisipe yo kote sa posib, patikilyèman pou moun ki gendwa gen difikilte fè yon vizit kay doktè epi kote yon apèl telefòn avèk yon pwofesyonèl medikal kapab soulaje bezwen pou yon vizit lopital.
 - **Prepare sistèm sante a pou ogmantasyon ka yo:** DFS la ap bay enstriksyon ak konpayi asirans yo pou verifye ke rezo founisè yo a prepare kòrèktman pou jere yon potansyèl ogmantasyon nan bezwen pou sèvis swen sante yo, gen ladan ofri aksè ak sèvis ki pa nan rezo yo a kote sa posib ak obligatwa, sizoka yo dyagnostike plis ka COVID-19 nan New York. Anplis, DFS la ap raple konpayi asirans yo ke yo pa kapab plase limit dire lavi oswa anyèl yo sou swen pasyan entèn yo.
- **Kouvri depans yo si iminizasyon vini disponib:** Sizoka iminizasyon vini disponib pou COVID-19, DFS la ap raple konpayi asirans yo ke yo dwe kouvri depans vaksinasyon an pou timoun ki anba 19 ane yo. Pou granmou yo, gid DFS la deklare ke tout konpayi asirans ta dwe prepare yo pou kouvri iminizasyon an imedyatman nan pataj depans.
- **Etann aksè ak preskripsyon medikaman yo:** Avèk rapò preskripsyon mank medikaman akòz pwoblèm yo nan chèn apwovizyonman an, DFS la ap bay konpayi asirans yo kouvèti pou preskripsyon medikaman ki pa enskri nan lis yo si pa gen yon medikaman ki enskri nan lis yo disponib pou trete moun ki asire a, atravè yon pwosesis eksepsyon pou medikaman ki nan lis la jan lalwa egzije sa.
- **Asire swen ijans:** DFS la ap raple ke yo egzije kouvèti pou sèvis ijans nan etablisman lopital yo nan pataj depans ki nan rezo yo a menm si lopital la pa nan rezo yo a oswa aletranje, epi ke okenn konpayi asirans pa gendwa egzije yon pasyan chèche otorizasyon preyalab avan li chèche swen ijans, gen ladan pou sèvis anbilans.

- **Fakti medikla sipriz yo:** DFS la bay enstriksyon ak konpayi asirans yo ke yo egzije yo kenbe moun asire inosan yo ki resevwa fakti medikal sipriz yo pou sèvis swen sante yo, gen ladan sila yo ki an rapò ak tèst ak tretman COVID-19.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)